



Plent pou Revokasyon oswa pou Diskriminasyon

Voye fòm ki fin ranpli a bay: Inite Diskriminasyon • Sant Riverview - 150 Broadway • Menands, NY 12204

KALITE REKLAMASYON POU AVANTAJ

- Avantaj pou Andikap (Andikap ki rive deyò Travay la)
- Aksidan nan Travay (Chòk ki rive nan Travay la)

Nimewo Sekirite Sosyal: _____

Nimewo Dosye WCB a _____
(Pou Chòk ki rive nan Travay la):

TANPRI, ENPRIME OUBYEN TAPE. REPONN TOUT KESYON YO - SI W PA REPONN TOUT KESYON YO, SA KAPAB RETADE PWOSESIS PLENT OU AN REPONN KESYON 6 AK 7 AN DETAY - METE FÈY ANPLIS SI SA NESESÈ.

VOYE/SOUMÈT DE (2) KOPI NAN ADRÈS KI ANWO FÒM SA A.

1. Non Anplwaye a: _____
2. Adrès Anplwaye a: _____
3. Non Patwon an: _____
4. Adrès Patwon an: _____
5. Èske yo te revoke w: Wi Non Si se "Wi", bay dat la: _____
6. Rakonte an detay sou kisa plent ou a baze, bay rezon ki fè yo te revoke w la epi bay non sipèvizè w la oswa manadjè w la oswa moun ki te revoke w la:

7. Bay non lòt moun ki enplike a (yo). Mete yon kopi avi revokasyon ou a ladan l, si genyen, oswa lòt dokiman ou te resevwa: _____

8. Ki kote w t ap travay (Bay adrès la, si tout fwa li diferan ak sa ki nan pwen 4 ki pi wo a): _____

9. Metye: _____
10. Non ak adrès avoka w la oswa reprezantan w lan, si w genyen (gade deklarasyon "Konsènan Reprezantasyon" sou do a): _____

11. Dat aksidan an oswa premye jou andikap la: _____

MWEN AFIME ANBA SANKSYON POU FO SÈMAN KE ENFÒMASYON MWEN BAY LA A, SE VERITE:

Siyati Anplwaye a

Dat

Nimewo Telefòn

LWA POU AKSIDAN NAN TRAVAY

Seksyon 120. Diskriminasyon kont anplwaye ki kòmanse yon pwosè. Li ilegal pou nenpòt patwon oswa ajan li otorize, revoke oswa nan nenpòt lòt fason an fè diskriminasyon kont yon anplwaye konsènan travay li paske anplwaye sa a te reklame oswa te eseye reklame dedomajman nan men patwon sa a, oswa paske li te temwaye oswa li pral temwaye nan yon pwosè anba chapit sa a epi patwon an pa montre okenn lòt rezon valab egziste pou aksyon sa a.

Yo dwe depoze nenpòt plent ki akize yon pratik diskriminatwa ilegal konsa nan de (2) lane apre lè yo te kòmanse pratik sa a. Lè komite a konstate yon patwon pa t respekte seksyon sa a, komite a dwe bay yon lòd pou yo re pran nenpòt anplwaye ki sibi diskriminasyon nan travay sa a, oswa remete l nan pòs la nenpòt fason an oswa reba li tout privilèj li t ap genyen si pa t gen zafè diskriminasyon an epi patwon an dwe peye l tout pèt dedomajman ki soti nan diskriminasyon sa a, ansanm ak frè oswa peman pou sèvis yon avoka oswa yon reprezantan ki gen lisans te bay dapre jan komite a fikse sa. Nenpòt patwon ki pa respekte seksyon sa a, pral sibi yon amann ki omwen san (100) dola oswa plis pase senksan (500) dola, dapre jan komite a detèmine sa. Yo dwe peye tout amann yo nan trezò eta a. Se sèlman patwon an ki pou peye tout amann yo, dedomajman ak frè oswa peman yo. Se sèlman patwon an ki gen dwa pou peye amann ak peman sa yo, se pa konpayi asirans li a ki dwe fè sa. Nenpòt dispozisyon ki nan yon règleman kontra asirans ki angaje pou l peye amann ak peman sa yo nan plas patwon an, enben dispozisyon sa a p ap gen okenn valè paske l ap anile.

Yon patwon yo jwenn ki pa respekte seksyon sa a ansanm ak anplwaye ki viktim lan, dwe eksplike komite a fason patwon an vin mete l konfòm nan trant (30) jou apre li resevwa yon desizyon final. Si rapò a di pa gen okenn konfòmite, oswa si w pa konfòm ak yon lòd oswa yon sanksyon komite a te bay, nan espas trant (30) jou apre yo te voye lòd la oswa avi sanksyon an, sof si yo te depoze atan yon demann devan komite a pou modifikasyon, pou anilasyon oswa revizyon lòd sa a oswa pou sanksyon sa a anba seksyon venntwa (23) chapit sa a, prezidan an nan yon ka konsa oswa sou konsantman prezidan an, nenpòt nan pati yo kapab fè respekte lòd la oswa sanksyon an menm jan ak yon prim pou dedomajman.

Seksyon 241. Aplikasyon lòt dispozisyon nan chapit la. Tout pouvwa ak devwa yo bay oswa enpoze prezidan an ak komite a nan chapit sa a, epi ki nesèsè pou administrasyon atik sa a epi ki konsistan, nan mezi sa a, yo vin fè aplikab nan atik sa a; epi okenn nan lòt dispozisyon chapit sa a ki gen rapò ak avantaj lòt atik nan chapit sa a bay, pa dwe konsidere kòm bagay ki aplikab pou atik sa a. Dispozisyon seksyon sanven (120) nan chapit sa a, dwe aplike nan tout entegralite li menm jan yo mete l nan atik sa a, eksepte amann yo peye nan trezò eta a dapre atik sa a, dwe aplike nan depans pou administre atik sa a.

KONSÈNAN REPREZANTASYON

Menmsi ou pa oblije jwenn yon moun ki pou reprezante w pou plent kont diskriminasyon, men ou gen dwa pou yon avoka oswa yon reprezantan ki gen lisans reprezante w, si w vle. Si yon avoka oswa yon reprezantan ki gen lisans reprezante w nan dosye avantaj pou aksidan nan travay ou a ak avantaj pou andikap, epi ou vle pou l reprezante w, tanpri kontakte li pou w ka konnen si l ap reprezante w oswa si li p ap reprezante w. Si li p ap reprezante w, ou gen dwa chwazi yon lòt reprezantan jan w vle.

Notifikasyon Dapre Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive Pèsonèl nan New York la (Atik 6-A Lwa sou Travayè Piblik yo) ak Lwa Federal sou Vi Prive nan Ane 1974 (5 U.S.C. § 552a).

Otorite Komite Aksidan nan Travay la (Komite a) genyen pou l egzije demandè yo bay enfòmasyon pèsonèl yo, ni nimewo sekirite sosyal yo, soti nan otorite Komisyon an genyen pou l fè ankèt dapre Lwa sou Aksidan nan Travay la (WCL) § 20, ak otorite administratif li genyen dapre WCL § 142. Yo kolekte enfòmasyon sa yo pou ede Komite a mennen ankèt sou reklamasyon yo epi administre reklamasyon yo nan fason ki pi rapid la epi pou ede li jere dosye reklamasyon yo yon fason ki egzak. Li pa obligatwa pou w bay Komite a nimewo sekirite sosyal ou a. Ou p ap sibi okenn sanksyon si w pa mete nimewo sekirite sosyal ou nan fòm sa a; li p ap lakòz yon refize reklamasyon w lan oswa diminye nan avantaj ou yo. Komite a pral pwoteje konfidansyalite tout enfòmasyon pèsonèl ki nan men l yo, l ap divilge yo sèlman nan kad devwa ofisyèl li yo epi sa ap fèt dapre lwa eta a ak lwa federal ki aplikab la.

SI OU BEZWEN ÈD POU RANPLI FÒM SA A, OSWA SI OU GEN Lòt KESYON, KONTAKTE NENPÒT BIWO KOMITE AKSIDAN NAN TRAVAY.